# QARAQALPAQ FOLKLORINDAǴI TOPONIMIKALIQ AŃIZLARDA HAYAL-QIZLAR OBRAZINIŃ BERILIWINDEGI ÓZGESHELIKLER

**Muratbaeva Sh**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, Folkloristika hám dialektologiya 2-kurs magistrantı*
**Allambergenova**
*Qaraqalpaq adebiyati kafedrasi docenti., PhDI.*

**Annotaciya:** *Qaraqalpaq xalıq prozasında ańızlardıń birneshe túrleri bar bolıp, olardan toponimikalıq ańızlar xalıqtıń jasaw turmısınan derek beredi. Toponimikalıq ańızlarda ayırım jer-suw, mákán atamaları hayal-qızlar atları menen baylanıslı. Maqalada usınday ózgesheliklerdi analizley otırıp, toponimikalıq ańızlarda ushırasatuǵın hayal-qızlar obrazı, tikkeley hayal-qızlardıń atına arnap qoyılǵan jer suw atamaları hám olarǵa baylanıslı dóregen ańızlar boyınsha pikir júrgizdik.*

**Tayanısh sózler:** *folklor, ańız, toponimikalıq ańız, hayal-qızlar obrazı, qala, arna, Gúldirsin, Qızketken t.b*

Hárbir xalıqtıń tariyxı onıń eski úrp-ádetleri, folklorlıq dóretpeleri, awızeki ádebiyat úlgileri arqalı júzege shıǵadı. Ásirese, belgili bir xalıqtıń ańız-ápsanaları, dástanları sol xalıq tariyxınan derek beriwshi tiykarǵı qural sanaladı. Ásirese, ańızlar xalıqtıń jasaw turmısın, geografiyalıq ortalıǵın, tariyxın ashıp beriwde úlken ról atqaradı.

Qaraqalpaq ańızları xalıq arasında erteden payda bolǵan hám aytılıp júrgen eski tariyxıy waqıyalardan derek beriwshi epikalıq xalıq awızeki dóretpeleriniń biri. Bul ańızlardı oqıw arqalı eski tariyxqa názer salamız. Ańızlardıń bul túri boyınsha awızeki ádebiyatımızda I.Allambergenova ilimiy miynetlerinde: “Toponimikalıq ańızlarda el, jer, qala, awıl, dárya, kól, taw, teńiz atamalarınıń ne sebepli solay aytılatuǵınlıǵı túsindirilip, ol atamalar xalıqtıń uzaq waqıtlar dawamında basıp ótken jolları menen, kúndelikli turmısı menen tıǵız baylanısta bayan etiledi[1]”-dep pikir bildirip ótedi.

Biz bilgen, esitip júrgen qaharmanlardıń atları menen baylanıslı bolǵan waqıyalar, sonday-aq, jer-suw atamalarınıń kelip shıǵıw tariyxı boyınsha toponimikalıq ańızlar arqalı kóp maǵlıwmatqa iye bolamız. Ásirese, toponimikalıq ańızlarda ata-babalarımızdıń jasaw turmısı, kóshpeli ómirde kún keshirgenligi haqqında hám basqa da jer-suw, orın, mákán atamalarınıń kelip shıǵıwı tuwralı qızıqlı maǵlıwmatlar bar.

Qaraqalpaq hám tuwısqan xalıqlar awızeki ádebiyatında kópshilik orın atamalarınıń kelip shıǵıw tariyxı qızıqlı ańızlar menen baylanıslı. Bunday ańızlarda hayal-qızlar obrazınıń beriliwi úlken áhmiyetke iye.

Folklorımızda ayırım ańızlarımız tikkeley hayal-qızlar menen baylanıslı, al bazılarında bolsa jer yamasa mákannıń payda bolıwı patsha qızları yamasa hayallarınıń qatnası nátiyjesinde boladı. Máselen, bir qızdıń (kópshilik jaǵdaylarda xan qızınıń) muhabbatı yamasa ayanıshlı ólimi sebebli payda bolǵan jer, suw (dárya, kóller) atamaları,

[1] Алламбергенова И. Қорақалпоқ халқ ривоятлари (жанрий ўзига хослиги, таснифи). Фил. фан. бўйича фалсафа доктори (PhD) дисс. Автореф. Тошкент – 2018.

hayallardıń batırlıǵı, mártliginiń arqasında xanlar menen aytısıp óz mákanın payda etiwi hám sol jer hayaldıń atı menen atalıwı, patsha qızınıń qılǵan qátelikleri saldarınan payda bolǵan qalalar haqqındaǵı waqıyalar ańızlar arqalı kúnimizge shekem jetip kelgen.

Hayal-qızlar ótmishimizden búgingi kúnimizge shekem gózzallıq hám páklik tımsalı bolıp kelgen. Dástanlarımızda bolsa, olar batır jawıngerler sıpatında beriledi. Xalqımızda sonday dawjúrek, aqıllı, zeyinli hayal-qızlarımız bolǵan hátte, olardıń atı menen baylanıslı ańızlar da xalıq arasında awızdan awızǵa ótip keń tarqalǵan. Biz, bul maqalamızda jawınger hayal-qızlarımızdıń erlikleri haqqındaǵı ańızlardı analizley otırıp, olardıń atı menen baylanıslı payda bolǵan jer-suw atamaların aytıp ótpekshimiz. Bunday atamalardıń payda bolıw tariyxına tiyisli ańızlarǵa názer salsaq, olar tikkeley hayal-qızlar menen baylanıslı. Máselen, qaraqalpaq xalıq ańızlarınıń biri “Qırıq qız qala” ańızında qırıq qızdıń sárdarı Gúlayım atı menen baylanıslı. Bul orın sol Gúlayım hám onıń qırıq qızınıń jasaǵan jerine atap qoyılǵan: “... Gúlayımnıń qábiri Túrkistan, al onıń qırıq qızı Túrkistanǵa kóshkende usı jerde qalǵan. Házirgi “Qırıq qız” degen jerde jasaǵan. Házirgi “Qırıq qız” degen jer sol Gúlayımnıń qırıq qızınıń jasaǵan jeri eken desedi xalıq”.[2] Qırıqqız hám olardıń sárdarı Gúlayım bizge dástanlardan da belgili. Demek, olardıń tariyxta bar bolǵanlıǵı, olardıń jasaǵan jeri arqalı da belgili boladı. Bul bolsa, toponimikalıq ańızlarda óz kórinisin tapqan.

Sonday-aq, “Shomanay arna” dep atalǵan xalıq ańızı da qızdıń atı menen baylanıslı. Ańızda Ámiwdáryanıń shep jaǵasına kelin bolıp túsken Shomanay atlı (ayırım tariyxıy dereklerde Shámenay atı menen ataladı) qız sol jerdiń xalqınıń suwsızlıqta, ashlıqta jasap atırǵanlıǵın kórip, xalıqqa járdem etiw ushın Qaratereń kólinen arna qazdıradı hám xalıqtıń alǵısın aladı. Qazılǵan arnaǵa “Shomanay arna” atı beriledi. Mine, bul ańızda da, hayal-qızlarımızdıń aq kókirek, keńpeyilligin, xalıqshıllılıǵın, sonsha er adamnıń ishinen batır bolıp shıǵıp xalıqtı oylap, pidayı bolǵanlıǵın kórsek boladı. Xalıq ta biykardan biykarǵa bunday ańızlardı dóretpegen.

Usınday mazmunǵa jaqın bolǵan ańızlardan jáne biri “Úrge” dep atalıp, bul ańız da tikkeley qızdıń atı menen baylanıslı.

Úrge qalanıń atı. Bir waqları suw tasqınında eldi aman saqlap qalǵan hám xalqın ádil basqarǵan qızdıń atına sol qalanıń atı berilgen. Bul tuwralı qaraqalpaq folklorı kóp tomlıǵında bılay keltiriledi:

“ Úrge – ertede bir qalmaqtıń qızı bolǵan. Úlken suw basqını bolıp, sonnan eldi aqıllılıq penen qutqarǵan.

Xalıqtı jıynap tawdıń bawrayına qala saldırǵan. Eldi shabıwǵa kelgen talay jawlardı qaytarǵan, xalıq qalanıń atın qızdıń atına qoyǵan, sonnan Úrge bolıp ketken.”

Bul ańızlardan belgili bolǵanınday, xalqımızda el qorǵaǵan batır hayal-qızlarımız kóp bolǵan.

Olar hayal bolıwına qaramastan ayırım er adamlardan ústinirek bolǵan hám tiykarǵı maqseti jawdı jeńiw, adamlarǵa járdem etiw, tınısh mákanlardı payda etiw bolǵan.

---

[2] Баҳадырова С., Мамбетназаров Қ. Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1992. 120-б

Erler menen bir qatarda turıp sawash maydanlarında qatnasqan. Olardıń bul mártlikleri kúnimizge shekem xalıq arasınan mine usınday ańız-ápsanalar, dástanlar arqalı jetip kelgen.

Xalıq arasında miynetkesh, batır, qıyınshılıqlardı hayal bolıwına qaramay ózi jeńip ótken, úlgi bolarlıqtay hayal-qızlarımız haqqında da ańızlar tarqalǵan. Buxaradaǵı Jupar qorıǵı degen jer Jupar atlı qaraqalpaq hayalınıń atına qoyılǵan. Jupar qattı aqıllı hám miyrimli bolǵan.

Ibrayım atlı baydıń Jupar atlı hayalı hám olardıń on bes balası boladı. onıń ústine, baydıń ekinshi hayalınan da on bes balası bolıp, kiyewi ólgennen soń Jupar otız balanı teńdey saqlap Kókózek penen Terbenbesti taslap Buxaraǵa kóship baradı. Olar kóship barǵan jerin xannıń ruqsatısız mákan qıladı hám xannıń ashıwı kelip onıń aldına barǵanında hayaldıń aqıllılıǵına tań qaladı:

“ – Usı shırayıńızǵa, usı aqılıńızǵa bola ústińizge qalay hayal aldırdıńız?-deydi xan. Sonda Jupar: -Qatınnıń jamanı er qızǵanadı, xannıń jamanı jer qızǵanadı taqsır, - depti.”[3]

Solay etip, xan hayaldıń aqıllı juwabın esitip, jerinde qonıs basıwına ruqsat etedi. Házirgi kúnde sol jerdiń Jupar qorıǵı dep atalıwı da usı ańızǵa tiykarlanadı.

Folklorımızdaǵı “Gúdirsin”[4] toponimikalıq ańızı da qızdıń atı menen baylanıslı. Degen menen, ańız mazmunına qaraǵanımızda Gúldirsin unamsız xarakterdegi qız. Qalanıń atı Gúdirsin bolǵanlıǵınıń sebebi, ol patsha qızı boladı, ańqawlıǵı hám sadalıǵı sebebli dushpan táreptiń shaxzadasına ashıq bolıp, elin jawlarǵa satadı.

Ashıqlıq mazmunında xalıq arasında estelikke aylanǵan, kópshilik adamlar tárepinen kóp aytılatuǵın ańızlardıń biri “Nazlımxan sulıw” ańızı. Nazlımxan sulıw atı menen belgili patsha qızınıń atına qoyılǵan bul orın, maqbara házirgi kúnge shekem saqlanǵan. Sonday-aq, Qızketken kanalınıń payda bolıwı haqqındaǵı ańız da Gúlim degen qızdıń atı menen baylanıslı.

Demek, kópshilik toponimikalıq ańızlarda hayal-qızlar unamlı bolsın, unamsız bolsın úlken orındı iyeleydi yaǵnıy, sol ańızlardıń payda bolıwında hayal-qızlar túrtki bolǵan.

Juwmaqlap aytqanda, toponimikalıq ańızlarda hayal-qızlar obrazı menen baylanıslı túrleri kóp. Izertlewimizdiń nátiyjesinde bunday túrdegi ańızlarda hayal-qızlar obrazınıń beriliwindegi bir qansha ózgesheliklerdi kórip óttik.

Ańızlardaǵı jerlerdiń ayırımları xalıq arasında sol qızdıń atı menen atalıp elege shekem milliy miyras bolıp saqlanıp kelinbekte, al bazı toponimikalıq ańızlarda berilgen qızlar atamaları bolsa házirgi kúnde ruwxiy miyrasımız sıpatında qádirlenip, qızlarımız atlarına qoyılıp kiyatır.

(Máselen, Nazlımxansulıw, Shámenay t.b)  Múmkin, xalıq arasında elege shekem biz esitpegen xalıq ańızları bar shıǵar. Ayırım eski qala, orınlar, jer-suw orınları atamalarınıń kelip shıǵıwı belgisiz.

Bunday atamalar óz-ózinen qoyılıp qalmaǵan, yaǵnıy olardıń atamasında da tereń máni, uzaq ótmish, qızıqlı ańızlar jatır.

---

[3] Баҳадырова С., Мамбетназаров Қ. Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1992. 121-б
[4] Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 77-87 том. – Нөкис: “Илим”, 2014. 142-б

PAYDALANǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Алламбергенова И. Қорақалпоқ халқ ривоятлари (жанрий ўзига хослиги, таснифи). Фил. фан. бўйича фалсафа доктори (PhD) дисс. Автореф. Тошкент – 2018.

2. Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965.

3. Баҳадырова С., Мамбетназаров Қ. Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери. – Нөкис: "Қарақалпақстан", 1992.

4. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 77-87 том. – Нөкис: "Илим", 2014.